



**USAID** | **HAITI**  
DU PEUPLE AMERICAIN



Ministère de l'Éducation Nationale  
et de la Formation Professionnelle

*EdData II*

# M ap li nèt ale

Gid fomatè, Tout Timoun Ap Li (TOTAL)

EdData II Technical and Managerial Assistance, Task Number 18  
EdData II Contract Number EHC-E-00-0004-00  
Task Order Number AID-521-BC-12-00002

**5 out 2013**

Nou pwodui liv fòmasyon sa a pou ajans USAID (United States Agency for International Development) kapab egzamine li. Se konpayi RTI International ki prepare li.

# M ap li nèt ale

## Fomasyon fomatè, Tout Timoun Ap Li (TOTAL)

Prepare pou:

Fabiola Lopez-Minatchy, Contracting Officer's Representative (COR), USAID/Haiti  
United States Agency for International Development

Enstitisyon ki prepare liv la:

RTI International  
3040 Cornwallis Road  
Post Office Box 12194  
Research Triangle Park, NC 27709-2194

RTI International se non komèsyal konpayi Research Triangle Institute.

Opinyon otè a, RTI Entènasyonal, pa nesesèman koresponn ak opinyon USAID ak govènman ameriken.

# Sa ki nan liv la

Paj

Fason pou w sèvi ak gid sa a

Akèy ak prezantasyon (20 minit)

Preparasyon regleman fòmasyon an (10 minit)

Objektif pwogram ToTAL la: rapèl (10 minit)

Objektif fòmasyon an (10 minit)

Objektif Anseyan an (10 minit)

Refleksyon sou eksperyans premye ane a (30 minit)

Nesesite pou fè yon bon jesyon klas (60 minit)

Prezantasyon materyèl ki mache ak metòd la (30 minit)

Rezime 5 segman ki se gwo poto mitanaktivite lekti yo (30 minit)

Rezime estrateji metòd M ap li nèt ale a

Enpòtans ki genyen nan aprann son yo (30 minit)

Egzèsis pwononsiyasyon tout son an kreyòl (60 minit)

LESON ORYANTASYON – Prezantasyon + Demanstrasyon (30 minit)

Akèy (15 minit)

Leson oryantasyon : rapèl + demonstrasyon (20 minit)

Leson oryantasyon – travay de pa de (25 minit)

Leson oryantasyon – travay nan ti gwoup (60 minit)

Leson oryantasyon – prezantasyon devan tout gwoup la (50 minit)

Kontin – Prezantasyon + demonstrasyon (20 minit)

Kontin – Travay de pa de (20 minit)

Kontin – Prezantasyon devan tout gwoup la (20 minit)

Aktivite ann jwe ak imaj – Prezantasyon + Demonstrasyon (10 minit)

Aktivite ann jwe ak imaj – Travay de pa de (10 minit)

Aktivite ann jwe ak imaj – Prezantasyon devan tout gwoup la (20 minit)

Prezantasyon + demonstrasyon konsyans fonemik (rekonèt ak idantifye premye son) :10 minit

Aktivite konsyans fonemik (rekonèt ak idantifye premye son): travay de pa de (15 minit)

Aktivite konsyans fonemik: rekonèt ak idantifye premye son. Prezantasyon

devan tout gwoup la (25 minit)

Prezantasyon aktivite prensip alfabè : di son ak non lèt la (10 minit)

Aktivite prensip alfabè : di son ak non lèt la. Travay de pa de (10 minit)

Travay de pa de (kontin + Ann jwe ak imaj + Konsyans fonemik + Aktivite prensip alfabè) : 20 minit

Prezantasyon devan tout gwoup la (kontin + Ann jwe ak imaj + Konsyans fonemik + Aktivite prensip alfabè) : 20 minit

Evalyasyon dezyèm jou fòmasyon + kesyon ak remak (10 minit)

Akèy (15 minit)

Prezantasyon + Egzanp aktivite revèy (15 minit)

Travay de pa de (kontin + Ann jwe ak imaj + Konsyans fonemik + Aktivite prensip alfabè + Aktivite revèy) : 30 minit.

Travay nan ti gwoup (kontin + Ann jwe ak imaj + Konsyans fonemik + Aktivite prensip alfabè + Aktivite revèy) : 40 minit.

Prezantasyon devan tout gwoup la (kontin + Ann jwe ak imaj + Konsyans fonemik + Aktivite prensip alfabè + Aktivite revèy) : 20 minit.

Demonstrasyon prensip alfabè : aktivite ekriti (20 minit)

Prensip alfabè : aktivite ekriti. Travay de pa de (20 minit)

Prensip alfabè : aktivite ekriti. Travay nan ti gwoup (30 minit)

Prensip alfabè : aktivite ekriti. Prezantasyon devan tout gwoup la (20 minit)

Prezantasyon aktivite vokabilè : 10 minit

Aktivite vokabilè : travay de pa de (10 minit)

Prezantasyon aktivite prediksyon : 15 minit

Aktivite vokabilè + prediksyon : travay de pa de (25 minit)

Prezantasyon yon leson antye (premye jou) : travay nan ti gwoup (60 minit)

Prezantasyon yon leson antye (premye jou) devan tout gwoup la (45 minit)

Prezantasyon + Egzèsis aktivite mim (15 minit)

Akèy : 10 minit

Leson dezyèm jou : travay de pa de (20 minit)

Leson dezyèm jou : Prezantasyon devan tout gwoup la (30 minit)

Prezantasyon + Demonstrasyon leson revizyon (30 minit)

Leson revizyon : travay de pa de (30 minit)

Leson revizyon : travay nan ti gwoup (40 minit)

Leson revizyon : prezantasyon devan tout gwoup la (30 minit)

Prezantasyon + Demonstrasyon leson peryòd revizyon (20 minit)

Leson peryòd revizyon : travay de pa de (30 minit)

Leson Peryòd revizyon : prezantasyon devan tout gwoup la (30 minit)

Prezantasyon leson vizyalizasyon (20 minit)

Leson vizyalizasyon : travay de pa de (20 minit)

Leson vizyalizasyon : travay nan ti gwoup (20 minit)

Leson vizyalizasyon : prezantasyon devan tout gwoup la (40 minit)

Evalyasyon final (20 minit)

Materyèl:

- *Paj sou lèt alfabè kreyòl (1 kopi pou chak Anseyan)*
- *Kaye ekriti elèv (2 kopi pou chak Anseyan)*
- *Liv lekti elèv (1 kopi pou chak Anseyan)*
- *Liv Mèt la*
- *Yon kopi leson 13, leson 17 ak leson Revizyon I,P*
- *Kreyon*
- *Kaye*
- *Gòm*
- *Tay kreyon*

## **Fason pou w sèvi ak gid sa a**

Mànnyèl sa a ap sèvi kòm yon gid sou jan pou w antrene Anseyan yo nan pwogram « **M ap li nèt ale** » a. Anvan w kòmanse antrene Anseyan yo, ou ta dwe li tout mànnyèl la nèt pou w vin abitye ak tout pati ki genyen ladan l. Se pou w sèten ou konprann tout aktivite yo ak langaj metòd la.

Aktivite yo prezante selon jou fòmasyon yo. Chak kote ou wè yon jou fòmasyon ekri, w ap jwenn tout aktivite ou dwe prezante pou jounen fòmasyon an. Aktivite sa yo vini youn apre lòt selon ajanda chak jounen fòmasyon. Ou dwe prezante aktivite yo youn apre lòt nan lòd yo vini nan gid la.

## **Jour 1**

### **Akèy ak prezantasyon (20 minit)**

Akeyi patisipan yo epi di yo ki jan w rele. Fè patisipan yo konnen yo vini pou yo aprann. Yo pa bezwen pè poze kesyon. Di yo tout sa ki ekri nan Liv Mèt la se nòt pèsònèl pa yo.

Mande patisipan yo prezante tèt yo byen vit. Yo va di nan ki lekòl y ap anseye, nan ki klas yo anseye, epi konbyen tan yo genyen depi y ap anseye.

Di patisipan yo gade ajanda a.

Li sa ki nan ajanda premye jou a dekwa pou patisipan yo ka konnen aktivite k ap fèt nan jou fòmasyon an. Di patisipan yo ajanda fòmasyon an genyen divès objektif yo pral wè nan atelye sa a. Pandan peryòd fòmasyon an, atelye a pral santre sou yon seri egzèsis ki enpòtan anpil pou ansèyman lekti. Èske w pare pou w aprann yon metòd ki pral chanje jan ou anseye epi ede elèv ou fè pwogrè?

Après sa fòmasyon pè yo epi di patisipan yo chak pè yo ap chita menm kote jis fòmasyon an fini.

### **Preparasyon regleman fòmasyon an (10 minit)**

Pou w ka sèten tout patisipan yo benefisye atelye a kòrèkteman, mande yo ede w tabli regleman atelye a. Mande yo rekòmande regleman tout moun dwe suiv epi make yo sou yon gran fèy papye.

Afiche yo yon fason pou tout moun kapab wè yo pandan atelye a ap dewoule. Men kèk regleman pou w ajoute si patisipan yo pa vin avèk yo:

- Fèmen tout pòtab oubyen mete yo sou silans
- Vini alè
- Pa fè twòp ale vini
- Respekte opinyon tout moun, admèt tout kesyon
- Patisipe nan tout aktivite
- Poze kesyon ki gen yon aspè jeneral. Poze kesyon pèsònèl apre jounen an

### **Objektif pwogram ToTAL la: rapèl (10 minit)**

Pwogram Tout timoun ap li a (ToTAL) jwenn finansman nan men USAID pou kore Ministè edikasyon nasyonal ak fòmasyon pwofesyonèl (MENFP) nan efò l ap fè pou amelyore konesans lekti nan premye sik lekòl fondamantal. Atelye sa a pral santre sou metòd ansèyman lekti an kreyòl ak ansèyman lang franse.

Rezilta plizyè ankèt montre elèv ann Ayiti pa li jan yo ta dwe li a an jeneral. Timoun dwe li ak yon vitès **60 mo pa minit** pou yo ka byen konprann sa y ap li a. **Konbyen mo pa minit ou panse elèv nan dezyèm ane ka li ann Ayiti?** Dapre twa etid ki fèt ann Ayiti, timoun yo li apeprè **23 mo pa minit** an Kreyòl ak an Franse. Rezilta sa a lwen nivo lekti nòmal.

An jeneral yon granmoun rive li 150 mo pa minit.

Done sa yo montre elèv yo bezwen ranfòse kapasite yo nan lekti. **Objektif pwogram Total la se chanje rezilta feblès lekti timoun Ayiti yo genyen, gras ak yon nouvo teknik ansèyman lekti.** Nou pral aprann ki jan pou n anseye lekti an kreyòl yon fason pou elèv yo ka rive aprann li epi konprann sa yo li anvan yo rive nan twazyèm ane.

### **Objektif fòmasyon an (10 minit)**

Di patisipan yo, anvan atelye a fini, yo dwe anmezi:

1. Montre **konesans** yo genyen sou ki jan pou yo byen anseye timoun piti lekti. Sa vle di:
  - a) Anseyan yo anmezi pou yo konprann 5 pati ki genyen nan aktivite lekti epi yo anmezi pou yo esplike yo
  - b) Anseyan yo konnen son lèt nan alfabè kreyòl la
2. Montre yo **alèz nan sèvi** ak metòd ansèyman ToTAL. Sa vle di:
  - a) Anseyan yo konprann konsyans fonemik gen rapò avèk son sèlman, san ekriti pa ladan.
  - b) Anseyan yo konprann chak lèt nan alfabè a reprezante yon son: timoun yo sèvi ni ak son ni ak konesans lèt pou yo li ak eple mo.

c) Anseyan yo konprann enpòtans konpreyansyon lekti. Yo konnen yo kapab anseye sa lè yo sèvi ak bon teknik

3. **Aplike** leson lekti yo a san kè sote dapre aktivite ki nan mòmbyèl Anseyan an. Sa vle di:

a) Anseyan yo anmezi sèvi avèk **aktivite** ki nan plan leson yo pou yo kapab anseye timoun piti lekti

b) Anseyan yo anmezi suiv yon **rit nòmral** pou yo anseye leson yo

c) Anseyan yo fè **kòmantè** kòm sadwa sou travay elèv yo

d) Anseyan yo anmezi sèvi ak **Liv mèl la** pou prezante leson yo.

4. **Sèvi ak** nouvo ladrès pou anseye kreyòl ak franse

### **Objektif Anseyan an (10 minit)**

**Diskisyon:** Poze kesyon sa yo epi bay patisipan yo tan (3 minit) pou yo pale yo ak yon moun ki sou kote yo:

1. Ki sa nou panse ki ka anpeche elèv yo aprann li?
2. Aprann timoun li se responsabilite ki moun?
3. Ki kote sa dwe fèt?
4. Ki jan sa dwe fèt?

Aprè 3 minit, rekolte repons yo epi ekri kèk nan yo pou tout moun sou yon gran fèy papye. Men de twa repons ou ka jwenn: absans, valè elèv ki nan klas la, maladi, materyèl, metòd, enfliyans lang manman elèv yo, motivasyon, lekòl preskolè, transpò, ak lòt toujou.

Fè yon lis apati diskisyon an epi di patisipan yo:

*Kòm nou ka wè nan lis sa a, gen anpil eleman ki pa sou kontwòl nou ki aji sou jan timoun aprann li. Men gen yon eleman ou kapab kontwòle. **Se yon eleman enpòtan: Se Metòd ansèyman timoun yo resevwa a.** Nou konnen kalite ansèyman timoun yo resevwa a fè yon diferans nan kapasite yo pou yo aprann li. Kalite ansèyman nou pral itilize nan pwogram **M ap li nèl ale** a deja demontre nan lòt peyi ki sèvi avè l, li kapab ede anpil timoun aprann li byen.*

### **Chanje mòd esperyans elèv yo fè**

Di: "Si nou enterese fè elèv yo bay pi bon ranman, leve men nou."Aprè sa, mande: "Ki moun ki responsab aprantisaj elèv yo?" "Si n panse se anseyan an, leve yon dwèt. Leve de dwèt si n panse se elèv yo. Leve twa dwèt si n panse se yo toulede."Mande yon patisipan oubyen de patisipan pou yo di pou ki sa yo vote jan yo vote a.



\*\*\*\*\*

*Anseye ak aprann se de aktivite ki konsène toulede moun yo: anseyan ak elèv. Dwe gen yon maryaj ant sa anseyan an ap anseye ak nivo elèv yo. Ni anseyan yo ni elèv yo gen yon responsablite pou yo patisipe nan dyalòg ki genyen nan kesyon ansèyman. Kòm anseyan, nou gen responsablite pou nou chanje esperyans aprantisaj la si elèv yo pa aprann byen.*

*Di patisipan yo **gen twa faktè ki pou chanje esperyans elèv:***

- 1) *Kantite ansèyman elèv resevwa* 2) *Konsantrasyon sou ansèyman an, epi* 3) *Kalite ansèyman an.*

*Ou kapab ogmante valè ansèyman elèv yo resevwa, si w byen planifye ansèyman w, ou byen itilize tan w, epi ou sèvi ak teknik ki ankouraje elèv patisipe.*

### **Refleksyon sou eksperyans premye ane a (30 minit)**

Di patisipan yo li enpòtan pou nou reflechi sou eksperyans yo te fè nan klas yo pandan yo t ap sèvi ak metòd la pou anseye timoun piti lekti. Apre sa fòme plizyè gwoup (3 pè = 1 gwoup).

Mande gwoup yo reflechi sou twa pwèn sa yo:

- 1) Sa ki te byen pase nan itilizasyon metòd la
- 2) Difikilte ak pwoblèm ki te genyen pou itilizasyon metòd la
- 3) Sa ki merite eklèsi nan atelye a pou ane sa a pi byen reyisi

Gwoup yo dwe ekri rezilta refleksyon yo sou yon gran fèy papyè blan yon fason pou tout moun wè sa yo ekri a. Di yo, yo gen 15 minit pou yo fè sa.

Lè yo fini, mande yon reprezantan chak gwoup pase devan pou prezante refleksyon gwoup li a. Ensiste pou yo kole gran fèy yo te ekri a nan mi pou tout moun ka wè rezilta refleksyon yo a. Konsa fasilite yo ap rive note sa ki sanble ak sa ki diferan epi fè sentèz ak konklizyon.

### **Nesesite pou fè yon bon jesyon klas (60 minit)**

#### **Jesyon klas nan lekòl**

##### **Aktivite I**

Fòmata a ap mande anseyan yo pou di **dapre eksperyans yo ki sa jesyon klas nan lekòl ye.** Fòmata ap ranje anseyan yo an ti gwoup ki gen 6 moun pou yo pataje opinyon yo sou kesyon an. Apre sa, fòmata a ap mande pou chak gwoup delege yon pòt pawòl pou pase devan sal pou li bay repons gwoup li te pwopoze a.

Men sa jesyon klas enplike :

### ***Definisyon***

Jesyon klas la se ansanm aktivite ak konpòtman nou devlope nan sal klas pou n ka fasilite ansèyman an.

Li enplike :

- Jesyon tan (anplwa tan an, dire aktivite yo, jesyon materyèl, jesyon pedagogik, jesyon disiplin).
- Jesyon espas (dispozisyon mobilye, jan yo plase elèv yo).
- Enfliyans pozitif : yon klas ki byen jere pèmèt aprantisaj lekti a fèt byen.
- Aprantisaj la dwe santre sou elèv.
- Byen itilize materyèl ki fèt pou sa.
- Jesyon nòm pou klas la.
- Elaborasyon ak aplikasyon règleman klas la.
- Aplikasyon aktivite ki fèt nan lekòl la.

### **Aktivite II**

Fòmatede a ap mande anseyan yo pou ***diskite sou jan yon bon jesyon klas la ka enfliyanse aprantisaj elèv yo***. Apre sa, anseyan yo ap mete yo 2 pa 2, san yo pa deplase kote yo chita a pou diskite sou kesyon an. Apre sa, fòmatede a ap mande kèk anseyan pou pataje opinyon yo ak tout moun nan sal la. Fomatede a ap ekri mo oubyen fraz kle yo sou flipchat la.

**Yon bon jesyon klas ka enfliyanse nan bon sans aprantisaj lekti a.** Li pèmèt :

- . Gwoup la ekilibre
- . Rezilta a efikas ak satisfèzan
- . Gen amoni ak antant

### **Aktivite III**

Fòmatede a ap mande anseyan yo pou yo reflechi ***sou jan disiplin se yon eleman enpòtan nan jesyon klas la***. Apre sa, fòmatede ap mande kèk anseyan pou pataje opinyon yo ak tout moun nan sal la. Fomatede a ap ekri mo oubyen fraz kle yo sou flipchat la. Apre sa li di :

**Disiplin enpòtan anpil nan jesyon klas paske li aji sou kalite aprantisaj la.**

Disiplin aji sou kèk aspè tankou :

#### A) Aspè pedagogik

Di patisipan yo li bon pou yo konnen li nesèsè pou yo jere tan, pou yo travay sou majorite kontni pwogram nan, pou yo fè bon jan preparasyon. Yo dwe prepare klas la, leson yo ak materyèl y ap itilize pou yo travay.

#### B) Aspè administratif

Aspè administratif la konsène rapò ki dwe tabli ak tout kalte règleman, pwogram ak kalandriye ki sèvi pou fè lekòl la byen fonksyone. Mèt la dwe respekte epi fè respekte règleman lekòl la. Li dwe suiv kalandriye ministè a ak pwogramasyon lekòl la.

### C) Aspè relasyonèl

Fè patisipan yo sonje nan travay yo, yo gen pou yo gere plizyè nivo relasyon. Gen relasyon yo avèk direksyon lekòl la, relasyon yo avèk elèv yo, relasyon yo avèk paran elèv yo ...Raple yo yo dwe byen konpòte yo nan chak relasyon sa yo.

Ensiste sou enpòtans komite nan lekòl. Esplike yo yo ka kreye komite elèv nan klas yo. Konn gen konsèy lekòl ak komite paran tou.

N.B.- Tout moun nan lekòl la (direktè, responsab disiplin, Anseyan....) dwe patisipe nan desizyon ki konsène lekòl la.

## **Prezantasyon materyèl ki mache ak metòd la (30 minit)**

Di patisipan yo gade materyèl ou te ba yo a epi mande yo travay de pa de pou yo jwenn ki sa ki parèt nan chak materyèl. Mande kèk nan yo pataje rezilta travay yo epi di:

Prensipal materyèl ki itilize nan metòd la se:

- 1- Liv elèv la
- 2- Gid mèl la
- 3- Kaye ekriti

Sa ki anndan dokiman sa yo?

### **1- Liv elèv la**

Nan **liv elèv** la noujwenn 93 leson antou. Pami yo genyen leson ki chita sou son yo, leson revizyon, peryòd revizyon ak leson vizyalizasyon.

Leson sou son yo parèt nan 2 paj. Premye paj la gen 3 ti desen nan tèt li. Ti desen yo reprezante mo kigen son y ap etidye a. Li 6 ikònki endike liy leson an. Nan dezyèm paj la yo mete tèks la ak imaj yo.

N.B.- Nan premye leson yo pa gen tèks men gen imaj

**Aktivite** : pran paj liv la pou montre mèl yo ikòn yo.

Di yo : Ikòn yo chaje ane nan nouvo liv la

- Liy zandolit la se pou lèt yo
- Liy palmis la se pou mo kout y ap revize yo
- Liy bis la se pou mo kout y ap etidye nan nouvo leson an
- Liy anana a se pou mo long y ap revize yo
- Liy chat la se mo long y ap etidye nan nouvo leson an
- Liy pwason an se pou fraz yo.

## 2- Gid mèt la

Nan **gid mèt** la nou jwenn 141 leson antou :

- Leson oryantasyon yo : 15
- leson sou son yo (premye jou + dezyèm jou) : 68
- Leson revizyon yo (apre chak 2 son) : 16
- Leson peryòd revizyon yo apre chak 8 son : 18
- Leson vizyalizasyon yo (premye jou + dezyèm jou) : 20

3- **Kaye ekriti** a mache ak tout aktivite ekriti ki genyen nan leson yo.

### Rezime 5 segman ki se gwo poto mitanaktivite lekti yo (30 minit)

Nan lekti gen 5 konpetans prensipal, 5 gwo poto mitan ki pèmèt aprantisaj lekti devlope sou yon baz solid. Leson nou pral sèvi yo genyen 5 segman. Segman sa yo se konpetans ak konesans elèv yo bezwen pou yo ka konn li fen. Ou dwe travay konpetans sa yo ansanm dekwa pou elèv yo aprann li epi pou yo ka konprann sa yo li. Ou ka byen konnen kèk nan konpetans sa yo deja e ou ka te sèvi ak yo lè w ap anseye; men sa enpòtan pou w konprann chak konpetans ki reprezante yon segman ak wòl chak jwe nan pèmèt moun li byen.

Senk poto mitan yo se:

1- **Konsyans fonemik** (aktivite pou rekonèt son) – se konnen lang nan ak mo yo fèt ak son.

**Aktivite konsyans fonemik yo se:**

- a) Rekonèt premye son
- b) Idantifye premye son
- c) Marye son pou fòm mo
- d) Separe mo kase mo son pa son
- e) Konpare premye son nan mo.

*NB: Ou p ap rankontre tout aktivite sa yo nan yon sèl leson.*

2- **Prensip alfabè** – se konnen lèt yo reprezante son, epi mo yo fèt ak lèt sa yo.

**Aktivite prensip alfabè yo se:**

- a) Aprann son ak non lèt.
- b) Ekri lèt miniskil / majiskil
- c) Ekri mo kout ak son
- d) Ekri mo long ak son

3- **Li ak fasilite** – se li oubyen rekonèt lèt yo ak mo yo byen vit epi byen kòrèk (otomatikman).

**Aktivite li ak fasilite yo se :**

- a) Aprann li mo kout vit e byen.
- b) Aprann li mo long vit e byen.
- c) Aprann li fraz vit e byen
- d) Li istwa

4- **Vokabilè** – se konnen sans mo nan lang lan dekwa pou moun nan pran sans sa l ap li a.

**Aktivite vokabilè yo se :**

- a) Aprann sans yon mo.
- b) Itilize mo a nan yon fraz. (dezyèm jou)

5- **Konpreyansyon**– se pran sans mo ki ekri nan yon paj – konprann sa ou li – se pi gran objektif aktivite lekti.


**Aktivite konpreyansyon yo se:**


- a) Prediksyon dapre tit.
- b) Prediksyon dapre desen.
- c) Verifye prediksyon

Se 5 segman sa yo ki pral fòme baz pwogram lekti a; nou pral esplike yo an pwofondè nan de twa jou ki pral vini la yo pandan n ap aprann kouman yo kanpe yon pwogram lekti.

**Aktivite** :.Di Anseyan yo leve pous yo anlè si yo dakò ak pawòl la oubyen mèt pous yo tèt anba si yo pa dakò. Si deklarasyon an pa vre, mande yon moun pou l di pou ki sa li pa vre. Fè yon ti kòmantè sou sa moun nan di a.

- 1) Konsyans fonemik – sèvi ak ekriti pou montre son yon lèt

(se pa vre  ) (Non li pa sèvi ak ekriti)

- 2) Prensip alfabè – aprann ki lèt ki bay tèl son nan prensip sa a (se vre  )

- 3) Li ak fasilite – se pale pi dousman avèk plis presizyon posib

(se pa vre 🖐️) (vit olye dousman)

4) Vokabilè – se konnen sa mo yo vle di (se vre 👍)

5) Konpreyansyon – se konnen ki lèt ki nan mo yo (se pa vre 🖐️) (se konprann tèks la)

## Rezime estrateji metòd M ap li nèl ale a

Nou pral pale sou estrateji ki fòme estrikti metòd **M ap li nèl ale a**. Estrateji sa yo devlope nan chak lesou ki nan gid metòd la. Estrateji yo se tout pratik ak konpòtman anseyan yo dwe devlope lè y ap anseye nenpòt lesou ki nan metòd la.

Poze patisipan yo kesyon sa a:

### **Daprè nou, ki pi bon pratik ki ta dwe devlope nan tout lesou yo?**

Mande yo travay sou repons yo de pa de. Apre sa ekri kèk repons yo bay sou yon gran fèy papye. Men kèk repons ou ka jwenn: preparasyon, fidbak, suiv gid la, jere klas la ...

Nan metòd **M ap li nèl ale a**, nou itilize plizyè estrateji pou pèmèt timoun yo aprann li byen. Estrateji sa yo se:

- 1- Modèl ansèyman: tou pam / ann fè l ansanm / tou pa nou
- 2- Rezime pou fòmasyon / fidbak
- 3- Travay yon fason ki enteresan
- 4- Jesyon klas
- 5- Travay san pas pou ki
- 6- Travay de pa de

### **1- Modèl ansèyman: tou pam / ann fè l ansanm / tou pa nou**

**Aktivite 2**      **Konsyans Fonemik: Idantifye Premye Son**

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Premyèman mwen pral di yon mo, nou pral reflechi sou premye son ki ladann epi lè m di "premye son", n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m	Ann fè l ansanm	Se tou pa nou
Mo a se NOURITI. Mwen idantifye premye son an epi mwen di premye son an /N/. Mo a kòmanse ak /N/ donk mwen di /N/.	Yon lòt mo a se NANM, premye son an se /N/. Ann kontinye: NOYO - ENSOLAN - ORÈ.	Mwen pral di mo a epi n ap di premye son ki nan mo a. Premye mo a se SIRÈT. Elèv yo reponn /S/. Kontinye ak kèk lòt mo: NAN - YO - OFRI - SIWO - NÈT - RETNI - TEYAT - NOTÈ.

N ap rankontre modèl sa a nan tout lesou yo. Li pèmèt anseyan an bay egzanp, akonpagne elèv yo anvan li ba yo chans fè egzèsis poukont yo. Li genyen yon entwodiksyon, yon modèl (tou pam), yon egzèsis sou kontwòl Anseyan an (ann fè l ansanm) ak yon egzèsis san kontwòl anseyan an (tou pa nou).

## Entwodiksyon:

Se fason anseyan an anonse aktivite li pral fè a. Li dwe fè sa klè paske lè elèv la byen konprann sa ou mande l pou l fè, li travay ak plis efikasite.

Egzanp: Kounye a nou pral aprann son ak non yon lèt. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

## Modèl – Tou pa m

Modèl sa a pèmèt anseyan an bay ti moun yo yon egzanp klè sou aktivite yo gen pou yo fè nan leson an. Anseyan an fè aktivite a poukont li devan klas la. Timoun yo suiv li avèk atansyon. Yo pa ni pale ni fè anyen nan moman sa a.

Egzanp: Anseyan an di se tou pam. Li montre lèt n nan epi li di: Son lèt sa a se /n/.

## Egzèsis sou kontwòl anseyan an – Ann fè l ansanm

Di patisipan yo, egzèsis sou kontwòl anseyan an ede elèv yo pratike sa yo fèk sot wè anseyan an fè a. Anseyan an sot montre elèv yo nouvo ladrès la. Kounye a tout elèv yo pral eseye aktivite a ansanm avèk èd anseyan an.

Egzanp: Anseyan an di An n fè l ansanm. Son lèt sa a se /n/.

Anseyan an ak elèv yo di son lèt la ansanm.

## Egzèsis endepandan – Se tou pa nou

Di patisipan yo, se moman pou elèv yo pratike poukont yo. Se sèl elèv yo ki dwe reponn lè anseyan an di se « tou pa nou ». Anseyan an ka fè sa nan twa etap :

- 1- **Tout klas la** pral reponn. Sa pèmèt tout timoun yo gen yon chans pou yo reponn.
- 2- Yon **ti gwoup** reponn. Anseyan an chwazi plizyè ti gwoup nan klas la. Li pran yo devan, nan mitan, dèyè ; li pran ti fi, ti gason.
- 3- Kèk **grenn elèv apa** reponn. Anseyan an chwazi elèv yo devan, nan mitan, dèyè. Li chwazi menm pòsyon ti gason ak ti fi.

Egzanp1: Anseyan an di : Kounye a se tou pa nou. Li dwe tann repons elèv yo.

Egzanp2: Anseyan an di : Kounye a se tou pa ti fi yo. Li dwe tann repons elèv yo.

Egzanp3: Anseyan an di : Kounye a se tou pa ti gason yo. Li dwe tann repons elèv yo.

Egzanp4: Anseyan an di : Kounye a se tou pa Jak. Li dwe tann repons elèv la.

## 2- Kòmantè pou fòmasyon / fidbak

Kòmantè pou fòmasyon an se yon evalyasyon ki fèt pandan ansèyman an ap pase. Lè nou fè evalyasyon apre elèv la fin aprann yon seri nosyon, nou pale de rezime pou fòmasyon.

Nan metòd **M ap li nèt ale** a li enpòtan anpil pou anseyan yo toujou pran tan pou yo fè kòmantè pou elèv yo sou sa yo aprann. Kòmantè anseyan an bay pandan fòmasyon an gen rapò egzakteman ak sa yon elèv fè byen oubyen sa li pa fin fè byen. Se konsa elèv la fè pwogrè. Pou kòmantè konsa ka mache byen, fò anseyan an:

- fè elèv la konnen si repons li bay la kòrèk oubyen si l pa kòrèk;
- di oswa esplike pou ki sa yon repons swa kòrèk swa pa kòrèk;
- di elèv la sa l fè ki bon; epi
- esplike elèv la kouman pou l fini travay li kòrèkteman oubyen kouman pou li chèche yon lòt fason pou fè l.

## 3- Travay yon fason ki enteresan/Anseyan an pa pale twòp

Di patisipan yo li bon pou yo veye ki rit yo fè leson yo. Mèt la pa dwe travay ni twò rapid ni twò dousman. Pou mèt la kenbe yon bon rit li dwe:

- Toujou **byen prepare** pou anseye yon leson. Sa ede anseyan an kenbe yon bon rit epi konnen ak ki materyèl l'ap sèvi pou prezante leson an.
- Suiv plan leson an depre epi **pa dwe eseye ajoute sou li**.
- Konnen tout elèv **bezwen "tan pou yo reflechi"** apre yon anseyan fin poze yon kesyon. Tann kèk segonn pou n jwenn repons lan.

## 4- Jesyon klas

Raple anseyan yo jesyon klas la se yon estrateji ki enpòtan pou fasilite travay yo. Li pèmèt yo gen kontwòl klas la nan diferan aspè. Lè klas la byen jere, mèt la gen plis chans pou l rive reyisi leson an.

## 5- Travay san pas pou ki

Anseyan yo dwe konnen li enpòtan pou yo bay tout timoun nan klas la menm chans pou yo patisipe nan aktivite yo. Yo dwe trete elèv yo san pas pou ki. Elèv ki chita devan, nan mitan oswa dèye ; ti fi ak ti gason dwe gen menm chans pou yo apran li byen.

## 6- Travay de pa de

Youn nan estrateji ki enpòtan nan metòd la se travay de pa de. Sa pèmèt timoun yo aprann dyalog ak kamarad yo sou yon kesyon mèt la poze. Sa fè plis elèv patisipe nan aktivite yo.



## Enpòtans ki genyen nan aprann son yo (30 minit)

Di patisipan yo, yon pati nan aprann li se aprann son yon lang genyen. Sa enpòtan pou elèv yo aprann son yo kòrèk. Pou asire w sa fèt, li enpòtan anpil pou anseyan yo kapab tande son yo byen, pou yo pwononse yo kòm sadwa pou yo ka sèvi kòm bon jan modèl epi pou yo ka bay bon jan kòmantè. Di patisipan yo, lè yo wè yon lèt nan gid mèt la ki nan mitan de ba oblik tankou /b/, yo dwe bay son lèt la men yo pa dwe di non lèt la. Apre sa poze yo kesyon:

- Èske w konnen konbyen lèt alfabè kreyòl la genyen?
- Eske ou ka pwononse son yo kòrèkteman? (mande yo travay de pa de). Apre sa di yo:

Men nan ki lòd timoun yo pral aprann lèt yo (make lèt yo sou tablo a):

A L I P E M A N T O U S È K E N R O Y N O N W Ò B V G F D J C H Z U I
--

## Egzèsis pwononsiyasyon tout son an kreyòl (60 minit)

Sèvi ak fèy “Alfabè Kreyòl, karaktè enprimri” pou w ka montre chak lèt, apre sa bay vrè non ak vrè son chak lèt epi fèt tout patisipan yo repete. Esplike patisipan yo nan lang kreyòl yon lèt ta dwe gen yon sèl son. Sa enpòtan pou n pa ajoute yon son vwayèl nan son konsòn nan lè n ap bay demonstrasyon son konsòn yo. Son vwayèl la ta dwe koupe. Son pou lèt B a se /b/, se pa ni /be/ ni /bò/. Lè yon moun di /be/ oubyen /bò/, sa mete son yon lòt lèt sou son lèt B a; lè konsa, sa va twouble moun lè y ap pwononse son yon mo.

### Egzèsis 1 – Patisipan yo repete son yo apre fòmàtè a

Touche lèt yo youn apre lòt pandan w ap di son ki mache ak yo. Ou dwe byen pwononse yo yon fason pou tout patisipan yo tande chak son kòrèkteman epi repete apre ou.

### Egzèsis 2 – Patisipan yo travay pwononsiyasyon son yo de pa de

Apre sa mande yo travay de pa de. Di yo chak moun ap fè yon kout mèt chak moun ap fè yon kout elèv. Lè moun ki fè mèt la di son yo sa kifè elèv la ap repete apre l. mande yo pou yo fè efò pou tout son yo byen soti.

### Egzèsis 3 – wonn son lèt (10 minit)

Fè patisipan yo kanpe pou yo fòme yon gwo wonn. Patisipan yo va sèvi ak “Alfabè Kreyòl, karaktè enprimri”. Fè patisipan yo bay son lèt alfabè a youn apre lòt; chak patisipan ap bay yon son, fè kòmantè si sa nesèsè; apre sa fè gwoup la repete son yo.

## **LESON ORYANTASYON – Prezantasyon + Demanstrasyon(30 minit)**

Gen anpil timoun ki pa gen chans fè klas preskolè yo. Se pou sa, nan **metòd map li nèt ale a**, n ap jwenn yon seri **leson oryantasyon**. Anvan nou fè leson nòmal yo, nou dwe fè 15 leson oryantasyon yo. Leson sa a yo ap pèmèt elèv yo devlope yon seri **ladrès y ap bezwen pou tout ane a**. Pa egzanp: konnen non tout materyèl ki nan klas la, Koulè, pozisyon, kontwole son, elatriye. Leson oryantasyon sa yo ap bay timoun yo kèk konpetans ki ap pèmèt yo kòmanse metòd la ak plis fasilite.

### **Fè demonstrasyon yon leson oryantasyon pou patisipan yo.**

#### **Evalyasyon premye jou fòmasyon + kesyon ak remak (30 minit)**

##### **Kesyon pou evalyasyon**

- 1- Ki sa nou te renmen nan fòmasyon Jodi a.
- 2- Ki sa ki merite amelyore pou demen.
- 3- Ki nòt nou bay jounen an.

Jou 2

#### **Akèy (15 minit)**

#### **Leson oryantasyon : rapèl + demonstrasyon (20 minit)**

Raple patisipan yo leson oryantasyon yo ap sèvi pou bay timoun yo baz k ap pèmèt yo antre byen nan leson metòd la. Se 15 premye leson ki parèt nan gid mèlè la. Leson sa yo pa nan liv elèv la.

Fè demonstrasyon yon leson oryantasyon devan tout patisipan yo.

#### **Leson oryantasyon – travay de pa de (25 minit)**

Après sa mande enseyan yo travay de pa de. Ba yo yon leson oryantasyon. Envite yo pran yon ti tan pou yo obsève sa ki nan leson an. Di yo chak moun ap fè yon kout mèlè chak moun ap fè yon kout elèv.

#### **Leson oryantasyon – travay nan ti gwoup (60 minit)**

Lè yo fini mande yo ale nan ti gwoup yo. Di yo fè yon jan pou plis moun posib rive prezante leson an. Fòmasyon yo dwe pase gade travay k ap fèt nan ti gwoup yo epi ede patisipan yo korije kèk erè yo ka fè.

#### **Leson oryantasyon – prezantasyon devan tout gwoup la (50 minit)**

Lè yo fin travay nan ti gwoup yo, mande kèk nan yo pase devan sal la pou prezante leson oryantasyon yo sot pratike a. Ou ka pran 2 ou 3 moun selon tan ou genyen.

### **Kontin – Prezantasyon + demonstrasyon (20 minit)**

Anvan nou kòmanse leson yo, n ap jwenn yon seri kontin. Kontin sa a yo ap pèmèt anseyan an mete timoun yo nan bon kondisyon pou yo aprann. Anseyan an lib pou l chwazi jan l vle fè kontin nan (Chante, deklame etc....) Sa ki enpòtan, li dwe fè l yon fason ki enteresan.

Fè demonstrasyon yon kontin devan tout patisipan yo.

### **Kontin – Travay de pa de (20 minit)**

Mande patisipan yo travay de pa de sou pi bon fason yo ka itilize kontin yo. Di yo pran yon ti tan pou yo byen gade kontin yo. Apre sa mande yo eseye jwe kontin nan fason k ap pi enteresan pou timoun yo.

### **Kontin – Prezantasyon devan tout gwoup la (20 minit)**

Lè patisipan yo fin travay kontin yo de pa de, mande kèk nan yo pase devan pou vin prezante yon kontin pou tout gwoup la.

### **Aktivite ann jwe ak imaj – Prezantasyon + Demonstrasyon (10 minit)**

Anlè paj liv elèv la, n ap jwenn yon seri ti desen. Desen sa yo reprezante mo ki gen son timoun yo pral etidye nan leson an. Li enpòtan pou anseyan an fè elèv yo jwe ak ti desen sa yo yon fason pou l ede yo dekouvri nouvo son yo pral aprann nan. Ki pi bon fason dapre nou mèl la ka itilize imaj yo? Mande yo reflechi de pa de sou fason yo ka itilize imaj yo. Apre sa pran kèk repons.

Fè demonstrasyon aktivite a devan tout patisipan yo.

### **Aktivite ann jwe ak imaj – Travay de pa de (10 minit)**

Mande anseyan yo chache aktivite ann jwe ak imaj la nan leson N nan. Di yo pou yo travay de pa de sou aktivite a. Fè yo konnen li enpòtan pou yo reflechi sou aktivite a anvan yo kòmanse. Lè yo fin byen gade aktivite a, mande yo pou youn fè l pou lòt.

### **Aktivite ann jwe ak imaj – Prezantasyon devan tout gwoup la (20 minit)**

Lè yo fin travay de pa de, mande kèk anseyan pase devan pou yo vin prezante pou tout patisipan yo. Asire w apre chak prezantasyon anseyan ki prezante a fè otokritik li epi kèk lòt patisipan bay opinyon pa yo.

### **Prezantasyon + demonstrasyon konsyans fonemik (rekonèt ak idantifye premye son) :10 minit**

Premye segman nan aktivite lekti se konsyans fonemik. Segman sa a se youn nan premye ladrès ak konpreyansyon elèv yo bezwen pou yo ka aprann fè mo, oubyen dekòde mo. Mande patisipan yo sa yo sonje sou konsyans fonemik la. Tande kèk repons. Apre, raple yo konsyans fonemik sèvi ak son sèlman. Se **kapasite pou tande son, idantifye son, epi manipile son nan pawòl w ap tande oswa di.** Ekriti pa ladann.

**Demonstrasyon:** Bay yon demonstrasyon aktivite rekonèt ak idantifye son pou Leson N (premye jou).

### **Aktivite konsyans fonemik (rekonèt ak idantifye premye son): travay de pa de (15 minit)**

Mande enseyan yo fè egzèsis konsyans fonemik ki nan leson N (premye jou) yo de pa de. Di yo pran yon ti tan pou yo byen gade aktivite yo. Apre sa mande youn fè aktivite yo pou lòt.

### **Aktivite konsyans fonemik: rekonèt ak idantifye premye son. Prezantasyon devan tout gwoup la (25 minit)**

Lè anseyan yo fin travay de pa de, mande kèk nan yo pase devan pou prezante aktivite konsyans fonemik yo devan tout patisipan yo. Asire w apre chak prezantasyon anseyan ki prezante a fè otokritik li epi kèk lòt patisipan bay opinyon pa yo.

### **Prezantasyon aktivite prensip alfabè : di son ak non lèt la (10 minit)**

Raple anseyan prensip alfabè se konnen mo yo fèt ak lèt epi lèt yon se foto son. Di yo prensip alfabè a gen plizyè aktivite tankou : di son ak non lèt, ekri lèt, ekri mo kout, ekri mo long. Di yo kounye a se aktivite di son ak non lèt la nou pral travay.

### **Aktivite prensip alfabè : di son ak non lèt la. Travay de pa de (10 minit)**

Mande enseyan yo fè egzèsis **prensip alfabè: di son ak non lèt la** ki nan leson N nan de pa de. Di yo pran yon ti tan pou yo byen gade aktivite a. Apre sa mande youn fè aktivite a pou lòt.

### **Travay de pa de (kontin + Ann jwe ak imaj + Konsyans fonemik + Aktivite prensip alfabè) : 20 minit**

Di patisipan yo, nou rive nan moman pou nou kòmanse travay plizyè aktivite ansanm. Nou pral travay soti nan konti pou rive nan prensip alfabè. N ap fè sa de pa de. Men poun kòmanse n ap toujou pran yon ti tan pou n byen gade aktivite yo. Apre sa youn ap fè yo pou lòt.

## **Prezantasyon devan tout gwoup la (kontin + Ann jwe ak imaj + Konsyans fonemik + Aktivite prensip alfabè) : 20 minit**

Lè anseyan yo fin travay de pa de, mande kèk nan yo pase devan pou prezante aktivite yo sot travay yo devan tout patisipan yo. Asire w apre chak prezantasyon, anseyan ki prezante a fè otokritik li epi kèk lòt patisipan bay opinyon pa yo.

## **Evalyasyon dezyèm jou fòmasyon + kesyon ak remak (10 minit)**

### **Kesyon pou evalyasyon**

- 1- Ki sa nou te renmen nan fòmasyon Jodi a.
- 2- Ki sa ki merite amelyore pou demen.
- 3- Ki nòt nou bay jounen an.

## **Jou 3**

### **Akèy (15 minit)**

### **Prezantasyon + Egzanp aktivite revèy (15 minit)**

Après anpil obsèvasyon nou fè sou teren an, nou konstate gen kèk moman pandan prezantasyon leson an anseyan yo konn pèdi atansyon timoun yo. Pou nou ka rezoud pwoblèm sa a, nou itilize aktivite revèy yo. Aktivite revèy yo se yon seri mouvman enteresan timoun yo ka fè ak kò yo pou yo chase fatig. Aktivite sa yo ap pèmèt anseyan an kapte atansyon timoun yo pandan tout rès leson an.

Bay anseyan yo yon egzanp ou pran nan youn nan leson yo.

### **Travay de pa de (kontin + Ann jwe ak imaj + Konsyans fonemik + Aktivite prensip alfabè + Aktivite revèy) : 30 minit.**

Di patisipan yo, yo pral travay plizyè aktivite ansanm. Mande yo travay soti nan kontin pou rive nan prensip alfabè. Mande yo fè sa de pa de. Raple pou kòmanse y ap toujou pran yon ti tan pou yo byen gade aktivite yo. Apre sa youn ap fè yo pou lòt.

### **Travay nan ti gwoup (kontin + Ann jwe ak imaj + Konsyans fonemik + Aktivite prensip alfabè + Aktivite revèy) : 40 minit.**

Di patisipan yo, yo pral kontinye travay menm aktivite yo ansanm. Y ap travay soti nan kontin pou rive nan prensip alfabè. Mande yo fè sa nan ti gwoup kounye a. Asire w plis anseyan posib rive pratike. Pase gade jan chak gwoup ap travay.

## **Prezantasyon devan tout gwoup la (kontin + Ann jwe ak imaj + Konsyans fonemik + Aktivite prensip alfabè + Aktivite revèy) : 20 minit.**

Lè anseyan yo fin travay nan ti gwoup, mande kèk nan yo pase devan pou prezante aktivite yo sot travay yo pou tout patisipan yo. Asire w apre chak prezantasyon, anseyan ki prezante a fè otokritik li epi kèk lòt patisipan bay opinyon pa yo.

### **Demonstrasyon prensip alfabè : aktivite ekriti (20 minit)**

Raple patisipan yo aktivite ekriti yo fè pati prensip alfabè. Di yo, nan metòd **M ap li nèt ale a**, nou itilize ekriti an karaktè enprimri. Nou chwazi fòm ekriti sa a paske li ap pèmèt elèv yo aprann ekri pi vit. Lè yon timoun aprann ekri vit, sa pèmèt li eksprime lide li sou papyè pi bonè. Li enpòtan pou nou itilize ekriti an karaktè enprimri a depi nan premye leson n ap prezante elèv yo. Nou dwe sonje timoun yo aprann pi byen lè nou ba yo bon jan egzanp. Se sa ki fè mèl la dwe byen antrene nan ekriti an karaktè enprimri yo pou l ka sèvi kòm modèl pou elèv yo.

Apre sa fè yon demonstrasyon devan tout patisipan yo.

### **Prensip alfabè : aktivite ekriti. Travay de pa de (20 minit)**

Mande anseyan yo chache aktivite ekriti a nan leson N nan. Di pou yo travay de pa de sou aktivite a. Fè yo konnen li enpòtan pou yo reflechi sou aktivite a anvan yo kòmanse. Lè yo fin byen gade aktivite a, mande yo pou youn fè l pou lòt.

### **Prensip alfabè : aktivite ekriti. Travay nan ti gwoup (30 minit)**

Di patisipan yo, yo pral kontinye travay menm aktivite yo ansanm. Mande yo travay sou aktivite ekriti. Mande yo fè sa nan ti gwoup kounye a. Asire w plis anseyan posib rive pratike. Pase gade jan chak gwoup ap travay.

### **Prensip alfabè : aktivite ekriti. Prezantasyon devan tout gwoup la (20 minit)**

Lè anseyan yo fin travay nan ti gwoup, mande kèk nan yo pase devan pou prezante aktivite yo sot travay yo pou tout patisipan yo. Asire w apre chak prezantasyon, anseyan ki prezante a fè otokritik li epi kèk lòt patisipan bay opinyon pa yo.

### **Prezantasyon aktivite vokabilè : 10 minit**

Raple patisipan yo aktivite vokabilè se youn nan segman enpòtan nan metòd **M ap li nèt ale a**. Travay sou vokabilè se chache konnen sans yon mo. Anseyan yo dwe an mezi fè elèv yo rive jwenn siyifikasyon kèk mo ki nan yo istwa y ap li.

Apre sa fè yon demonstrasyon sou pati vokabilè a devan tout patisipan yo.

## **Aktivite vokabilè : travay de pa de (10 minit)**

Mande anseyan yo chache aktivite vokabilè a nan leson N nan. Di pou yo travay de pa de sou aktivite a. Fè yo konnen li enpòtan pou yo reflechi sou aktivite a anvan yo kòmanse. Lè yo fin byen gade aktivite a, mande yo pou youn fè l pou lòt.

## **Prezantasyon aktivite prediksyon : 15 minit**

Ki sa prediksyon an ye?

Raple enseyan yo prediksyon se yon aktivite enpòtan pou konpreyansyon. Se yon estrateji kote lektè a itilize enfòmasyon ki pa nan istwa a dirèkteman (tankou tit ak imaj) pou prevwa sa ki pral pase nan istwa a. Prediksyon pa yon senp chans, devinèt oubyen yon “voye monte”. Se endis ki mache ak istwa a ( tit ak imaj) k ap pèmèt lektè yo fè prediksyon an.

### **Objektif**

- Pèmèt elèv yo sèvi ak tit / imaj ki nan yon tèks pou prevwa ki sa ki pral pase anvan menm yo li istwa a.
- Devlope kay elèv yo kapasite pou yo reflechi ak fè rezonman.

N.B. - Sa ki enpòtan an se pa pou elèv yo jwenn bon repons la (prediksyon an tonbe jis) men se pou yo fè tèt yo travay pou fè prevwa sa k pral pase nan istwa a.

Fè demonstrasyon aktivite prediksyon an devan tout patisipan yo.

## **Aktivite vokabilè + prediksyon : travay de pa de (25 minit)**

Mande anseyan yo chache aktivite vokabilè ak prediksyon yo nan leson N nan. Di yo pou yo travay de pa de sou aktivite yo. Fè yo konnen li enpòtan pou yo reflechi sou aktivite yo anvan yo kòmanse. Lè yo fin byen gade aktivite yo, mande yo pou youn fè l pou lòt.

## **Prezantasyon yon leson antye (premye jou) : travay nan ti gwoup (60 minit)**

Mande anseyan yo pran leson N nan. Di yo pou yo travay leson an nan ti gwoup. Asire w plis anseyan posib rive pratike. Pase gade jan chak gwoup ap travay epi ede yo korije kèk erè yo ka fè.

## **Prezantasyon yon leson antye (premye jou) devan tout gwoup la (45 minit)**

Lè anseyan yo fin travay nan ti gwoup, mande youn nan yo pase devan pou prezante leson an pou tout patisipan yo. Asire w apre prezantasyon an, anseyan ki prezante a fè otokritik li epi kèk lòt patisipan bay opinyon pa yo.

## **Prezantasyon + Egzèsis aktivite mim (15 minit)**

Di patipan yo yon mim se yon seri mouvman (jès) moun fè ak kò yo sans pale ki mache ak yon mesaj. Nan metòd **M ap li nèt ale** anseyan an ap li yon fraz pou elèv yo epi y ap fè jès ki mache ak sa ki di nan fraz la.

Aprè sa fè demonstrasyon yon mim pou patisipan yo.

## **Jou 4**

### **Akèy : 10 minit**

### **Leson dezyèm jou : travay de pa de (20 minit)**

Mande anseyan yo pran leson N nan (dezyèm jou). Di yo pou yo travay leson an de pa de. Fè yo konnen li enpòtan pou yo reflechi sou aktivite yo anvan yo kòmanse. Lè yo fin byen gade aktivite yo, mande yo pou youn fè l pou lòt.

### **Leson dezyèm jou : Prezantasyon devan tout gwoup la (30 minit)**

Lè anseyan yo fin travay de pa de, mande youn nan yo pase devan pou prezante leson dezyèm jou a pou tout patisipan yo. Asire w ap prezantasyon an, anseyan ki prezante a fè otokritik li epi kèk lòt patisipan bay opinyon pa yo.

### **Prezantasyon + Demonstrasyon leson revizyon (30 minit)**

Di patisipan yo chak senkyèm jou gen yon leson revizyon. Sa bay mèt la opòtinite pou l revize ak elèv yo 2 lèt yo te aprann nan 4 jou anvan yo. Se okazyon tou pou mèt la evalye elèv li yo. Li enpòtan pou anseyan yo byen metrize leson revizyon yo.

Fè demonstrasyon yon leson revizyon pou patisipan yo.

### **Leson revizyon : travay de pa de (30 minit)**

Mande anseyan yo pran leson revizyon an. Di yo pou yo travay leson an de pa de. Fè yo konnen li enpòtan pou yo reflechi sou leson an anvan yo kòmanse. Lè yo fin byen gade leson an, mande yo pou youn fè l pou lòt.

### **Leson revizyon : travay nan ti gwoup (40 minit)**

Mande anseyan yo pran leson revizyon an. Di yo pou yo travay leson an nan ti gwoup. Asire w plis anseyan posib rive pratike. Pase gade jan chak gwoup ap travay epi ede yo korije kèk erè yo ka fè.

### **Leson revizyon : prezantasyon devan tout gwoup la (30 minit)**



Lè anseyan yo fin travay nan ti gwoup, mande youn nan yo pase devan pou prezante leson revizyon an pou tout patisipan yo. Asire w apre prezantasyon an, anseyan ki prezante a fè otokritik li epi kèk lòt patisipan bay opinyon pa yo.

### **Prezantasyon + Demonstrasyon leson peryòd revizyon (20 minit)**

Di patisipan yo, nan metòd M apli nèt ale a, peryòd revizyon an se yon peryòd senk jou kote mèt la revize uit lèt elèv yo te etidye nan leson anvan yo. Sa pèmèt mèt la retounen sou difikilte elèv yo te genyen nan kèk leson li anseye deja.

Fè demonstrasyon yon leson peryòd revizyon pou patisipan yo.

### **Leson peryòd revizyon : travay de pa de (30 minit)**

Mande anseyan yo pran leson peryòd revizyon an. Di yo pou yo travay leson an de pa de. Fè yo konnen li enpòtan pou yo reflechi sou leson an anvan yo kòmanse. Lè yo fin byen gade leson an, mande yo pou youn fè l pou lòt.

### **Leson Peryòd revizyon : prezantasyon devan tout gwoup la (30 minit)**

Lè anseyan yo fin travay de pa de, mande youn nan yo pase devan pou prezante leson dezyèm jou a devan tout patisipan yo. Asire w apre prezantasyon an, anseyan ki prezante a fè otokritik li epi kèk lòt patisipan bay opinyon pa yo.

### **Prezantasyon leson vizyalizasyon (20 minit)**

Se yon estrateji ki ede konprann yon tèks li pèmèt nou tou òganize enfòmasyon yo pou n kenbe yo pi fasilman nan tèt nou.

Objektif:

- 1- Pèmèt elèv yo reflechi sou yon mo pou kreye yon imaj nan tèt yo pandan y ap li yon tèks.
- 2- Pèmèt yo transfòme yon tèks an imaj nan tèt yo tou.

Egzèsis sa a ta dwe baze sou eleman ki rich ak deskripsyon (deskripsyon ki vivan). Vizyalizasyon an gen 2 nivo difikilte.

- **Nivo difikilte1:** Sèvi ak yon mo  
Chwazi yon mo elèv yo konnen deja. Li kapab youn nan mo egzèsis lekti a. Men li pa dwe youn nan mo yo defini nan egzèsis vokabilè a. Egzanp : mo “mache”.
- **Nivo difikilte 2:** Sèvi ak tèks

Tèks la long epi li gen plizyè seksyon pou vizyalizasyon. Tou depan de nivo elèv yo (epòk nan ane a), ou ka itilize tèks ki pi kout.

Fè yon demonstrasyon devan patisipan yo.

### **Leson vizyalizasyon : travay de pa de (20 minit)**

Mande anseyan yo pran leson vizyalizasyon an. Di yo pou yo travay leson an de pa de. Fè yo konnen li enpòtan pou yo reflechi sou leson an anvan yo kòmanse. Lè yo fin byen gade leson an, mande yo pou youn fè l pou lòt.

### **Leson vizyalizasyon : travay nan ti gwoup (20 minit)**

Mande anseyan yo pran leson vizyalizasyon an. Di yo pou yo travay leson nan ti gwoup. Asire w plis anseyan posib rive pratike. Pase gade jan chak gwoup ap travay epi ede yo korije kèk erè yo ka fè.

### **Leson vizyalizasyon : prezantasyon devan tout gwoup la (40 minit)**

Lè anseyan yo fin travay de pa de, mande youn nan yo pase devan pou prezante leson dezyèm jou a devan tout patisipan yo. Asire w apre prezantasyon an, anseyan ki prezante a fè otokritik li epi kèk lòt patisipan bay opinyon pa yo.

### **Evalyasyon sesyon an (20 minit)**

N.B : Bay patisipan yo tan pou yo fe anpil pratik nan fomasyon an pou yo ka rive prezante chak tip leson yo.